


# Kanabis nan NYC: Kisa Ki Legal?

Li legal pou granmoun yo konsome kanabis (mariwana) nan Eta New York (New York State, NYS).



**3 ons**



**24 g**

Granmoun ki gen laj 21 lane pou pi piti gen dwa genyen ak bay (men pa vann) jiska 3 ons flè oswa boujon kanabis, oswa jiska 24 gram kanabis konsantre tankou luil oswa sigarèt elektwonik.



Granmoun ki gen laj 21 lane pou pi piti gen dwa fimen kanabis oswa sigarèt elektwonik ki gen kanabis ladan nan pifò kote yo otorize moun fimen tabak.



Nou agrandi pwogram pou kanabis medikal la nan New York. Pou jwenn enfòmasyon sou chanjman yo, ale sou [cannabis.ny.gov/medical-cannabis](https://cannabis.ny.gov/medical-cannabis).



Se nan dispansè ki gen pèmi NYS sèlman yo gen dwa vann kanabis. Pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou fason legal pou achte kanabis, sa gen ladan adrès dispansè yo, ale sou [cannabis.ny.gov/adult-use](https://cannabis.ny.gov/adult-use).


## Kiyès ki kapab gen kanabis legalman, epi ki kantite yo kapab genyen?

- Granmoun ki gen laj 21 lane pou pi piti ka genyen jiska 3 ons flè oswa boujon kanabis, oswa jiska 24 gram kanabis konsantre (tankou luil ak sigarèt elektwonik).
- Li pa legal pou yon moun ki gen mwens pase laj 21 lane ni genyen, ni itilize ni bay kanabis.


## Èske moun kapab bay, vann kanabis oswa fè echanj avèk li?

- Granmoun ki gen laj 21 lane pou pi piti ka bay lòt granmoun ki gen laj 21 lane pou pi piti jiska 3 ons flè oswa boujon kanabis oswa jiska 24 gram kanabis konsantre pou itilizasyon pèsònèl.
- Li pa legal pou yon moun:
  - Ni genyen ni bay plis pase 3 ons flè kanabis oswa 24 gram kanabis konsantre
  - Ni vann kèlkeswa kantite kanabis la ni fè echanj avèk li
  - Ni bay ni vann kèlkeswa kantite kanabis la a moun ki gen laj pi piti pase 21 lane

## Èske li legal pou w kondui lè ou fin konsome kanabis oswa pou w konsome kanabis anndan yon machin?

- Non. Li pa legal pou w ap kondui pandan sans ou febli oswa pandan ou anba enfluyans kanabis. 
- Epitou, li pa legal nonplis pou konsome kanabis anndan yon machin, menm si se kòm pasaje oswa pandan machin nan pake.

## Ki kote li pa otorize pou fimen oswa sèvi ak sigarèt elektwonik nan New York?

- Li pa otorize pou ni fimen kanabis ni itilize sigarèt elektwonik ki gen kanabis ladan nan kote sa yo: 
  - Zòn piblik ki nan bilding yo
  - Pak yo
  - Plaj yo ak pwonmnad nan bòdmè yo
  - Teren gòlf piblik yo
  - Anndan ak sou teren estad espò yo
  - Plas pou pyeton yo
  - Jaden piblik yo
  - Restoran yo
  - Ba yo
  - Machin ak lòt veyikil a motè yo (menm si yo pake)
  - Lekòl yo

- Daprè lwa federal la, li toujou pa legal pou ni genyen ni konsome kanabis sou kèlkeswa fòm nan sou yon pwopriyete federal. Lwa NYS nou dekri nan fèy enfòmasyon sa a pa valab pou okenn pwopriyete federal. Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa federal la, ale sou [fda.gov](https://www.fda.gov) epi chèche "**cannabis regulation**" (règleman sou kanabis).

- Gen kèk bilding prive ki entèdi moun fimen ak itilize sigarèt elektwonik anndan inite yo. Menm si mèt pwopriyete yo kapab entèdi ou fimen kanabis ak itilize sigarèt elektwonik ki gen kanabis anndan bilding yo a, yo pa kapab entèdi pou w konsome aliman manjab ki fèt ak kanabis oswa pou w gen yon kantite kanabis ki legal anndan lakay ou.
- Lotisman lojman Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) gen politik kont tabak ki entèdi pou moun fimen ak itilize sigarèt elektwonik ki gen tabak ak kanabis sou pwopriyete a. Lojman piblik ki fè pati yon pwogram federal dwe respekte lwa federal ki entèdi moun genyen ak konsome kanabis ak pwodui ki gen kanabis.



### Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa a ak sanksyon yo pou vyolasyon, ale sou [cannabis.ny.gov/adult-use](https://www.cannabis.ny.gov/adult-use) epi klike sou "**Penal Law Fact Sheet**" (Fèy Enfòmasyon sou Lwa Penal la).

### Kijan m ap fè konnen si yon pwodui kanabis oswa yon kote k ap vann li legal?

- Kote ak pwodui ki gen pèmi yo ap make ak yon logo verifikasyon. Pwodui ki gen pèmi yo pase tès epi suiv nòm sekirite Biwo Jesyon Kanabis la (Office of Cannabis Management, OCM) fikse. Si ou gen kesyon oswa bagay k ap trakase ou sou sekirite, etikèt, efè sou sante yon pwodui, lokal oswa vant ki pa gen pèmi, oswa itilizasyon ki pa otorize, ale sou [cannabis.ny.gov/report-an-incident](https://www.cannabis.ny.gov/report-an-incident).

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [nyc.gov/health/cannabis](https://www.nyc.gov/health/cannabis).